

Si Ou Bezwen Èd pou Jwenn Swen pou Gwosès sou...  
rele nimewo 1-800-522-5006. Poze kesyon sou swen  
sante gratis.

Swiv nou sou:  
[health.ny.gov](http://health.ny.gov) [Facebook.com/nysdoh](https://www.facebook.com/nysdoh)  
[twitter.com/HealthNYGov](https://twitter.com/HealthNYGov)  
[youtube.com/nysdoh](https://www.youtube.com/nysdoh)



State of New York  
Department of Health

9210 (Haitian Creole)

12/14

# Enfòmasyon Enpòtan Pou Fanm Ansent yo

Si ou ansent oswa si ou planifye pou vin ansent, gen enfòmasyon ou ta dwe konnen sou VIH, viris ki lakòz moun gen maladi SIDA.

### Lè ou Konnen Si Ou Gen VIH Sa Kapab Ede Tibebe Ou ak Ou

- Doktè ou ap rekòmande pou ou fè yon tès VIH. Fè tès la bonè nan gwosès ou! Menmsi yon tès bonè pa montre ou gen VIH, doktè ou ap rekòmande pou ou fè tès la ankò, pita nan gwosès ou, senpleman pou asire ou pa gen VIH. Mande patnè ou pou li fè tès la tou!
- Si ou gen VIH, ou kapab transmèt VIH ba tibebe ou pandan gwosès ou, akouchman ou oswa pandan w ap ba li tete. Ou pa ta dwe bay tibebe ou tete si ou gen VIH.
- Ou kapab bese chans yo nèt pou transmèt VIH ba tibebe ou si ou pran medikaman pou batay kont VIH pandan ou ansent epitou si ou bay tibebe ou medikaman touswit apre ou akouche.

### Pale avèk Doktè Ou

- Aprann enfòmasyon sou VIH ak gwosès pou pwoteje tibebe ou.
- Si ou bezwen pran medikaman kont VIH, pale avèk doktè ou sou avantaj ak risk posib yo.

**Di Wi Lè yo Mande ou pou Fè yon Tès VIH!  
Oswa, Mande Doktè Ou Si pou Ou Fè Youn!**

### Kounye a Plis Pase Jamè, Ou Dwe Konnen si Ou Gen VIH!

Tank ou fè tès la pi bonè...

Tank ou kapab fè chwa enpòtan sou sante ou pi bonè tou...

Tank ou kapab kòmanse tretman an pi bonè, tank w ap kapab bay tibebe ou plis pwoteksyon kont VIH, epitou tank w ap pran swen sante pa ou.

### Dapre Lalwa, Rezilta Tès VIH yo Dwe Rete an Sekrè!

Doktè ou kapab divilge enfòmasyon sou VIH ou ba lòt moun k ap bay swen sante pou ou ak tibebe ou, pou yo kapab ba ou pi bon swen sant posib la. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [health.ny.gov](http://health.ny.gov).